



128 Kesyon sivik ak Repons yo (vèsyon 2020)

Mizajou enpòtan nan Tès Natiralizasyon an

USCIS revize pòsyon sivik yo nan tès natiralizasyon an. Tout moun ki soumèt yon aplikasyon pou natiralizasyon nan dat 1ye desanm oswa apre, moun sa yo ap oblije pran vèsyon 2020 tès sivik la.

Tès natiralizasyon an gen 2 pati:

- Haitian Creole
- Sivik

Pòsyon Angle a pa chanje.

Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou vèsyon 2020 tès sivik la, ale nan uscis.gov/citizenship/2020test.

Nan lis ki pi ba a, gen 128 kesyon sivik ak tout repons yo pou vèsyon 2020 tès sivik la. Kesyon sa yo kouvri sijè ki enpòtan sou gouvènman ameriken ak istwa l. Tès sivik la se yon tès oral epi ofisye USCIS la pral mande w pou reponn 20 kesyon pami 128 kesyon nan tès sivik la. Ou oblije reponn omwen 12 kesyon (oswa 60%) kòrèkteman pou pase vèsyon 2020 tès sivik la.

Nan tès sivik la, gen kèk repons ki ka chanje poutèt eleksyon yo oswa poutèt nominasyon yo. Ale nan uscis.gov/citizenship/testupdates pou jwenn nenpòt repons ki petèt chanje nan tès sivik la. Ou dwe reponn kesyon an avèk non reprezantan ofisyèl ki an fonksyon an nan moman w ap fè entèvyou natiralizasyon w lan.

Byenke USCIS konnen ka gen plizyè repons ki kòrèk nan kesyon sivik yo, nap ankouraje moun kap aplike yo pou yo reponn kesyon yo baze sou repons nou bay pi ba yo.

65/20 Konsiderasyon Espesyal

Si w gen 65 lane oswa plis, epi w abite Ozetazini antanke rezidan pèmanan legal depi 20 lane oswa plis, ou ka etidye sèlman 20 kesyon ke yo make ak yon asteriks (★) ke w ka wè nan fen chak kesyon. Epitou ou ka pran tès natiralizasyon an nan lang ou pi pito a. Ofisye USCIS la pral mande pou w reponn 10 nan 20 kesyon nan tès sivik la ki gen yon asteriks. Ou dwe reponn omwen 6 nan 10 kesyon yo (oswa 60%) kòrèkteman pou pase vèsyon 2020 tès sivik la.

GOUVÈNMAN AMERIKEN

A: Prensip Gouvènman Ameriken

1. Ki fòm gouvènman Etazini genyen?

- Repiblik
- Repiblik federal ki baze sou yon konstitisyon
- Demokrasi reprezantatif

2. Kisa ki lwa siprèm peyi a? *

- Konstitisyon (Etazini)

3. Nonmen yon bagay Konstitisyon Etazini a fè.

- Li fòme gouvènman an
- Li defini pouvwa gouvènman an
- Li defini pati ki nan gouvènman an
- Li pwoteje dwa moun yo

4. Konstitisyon Etazini an kòmanse ak mo "Noumenm Pèp la." Kisa "Noumenm Pèp la" vle di?

- Otonomi Gouvènmantal
- Souverènte popilè
- Konsantman pèp y ap gouvène a
- Pèp la ta dwe gouvène tèt li
- (Egzanp) kontra sosyal

5. Kijan yo fè chanjman nan Konstitisyon Etazini an?

- Amandman yo
- Pwosesis amandman an

6. Kisa Deklarasyon sou Dwa Delòm yo pwoteje?

- Dwa (fondamantal) ameriken yo
- Dwa (fondamantal) moun ki abite Ozetazini yo

7. Konbyen amandman Konstitisyon Etazini an genyen? *

- Venn-sèt (27)

8. Poukisa Deklarasyon Endepandans la enpòtan?

- Li deklare Lamerik pa sou kontwòl Britanik (Anglè yo) ankò.
- Li deklare tout moun kreye egal.
- Li idantifye dwa entrensèk yo.
- Li idantifye libète endividyèl yo.

9. Ki dokiman fondatè ki te deklare koloni ameriken yo pran libète yo de Grann Bretay?

- Deklarasyon Endepandans

10. Nonmen de lide enpòtan nan Deklarasyon Endepandans la ak Konstitisyon Etazini an.

- Egalite
- Libète
- Kontra sosyal
- Dwa natirèl
- Gouvènman limite
- Otonomi Gouvènmantal

11. Nan ki dokiman fondatè ou jwenn mo sa yo: "Lavi, Libète ak pouwit Bonè"?

- Deklarasyon Endepandans

12. Ki sistèm ekonomik Etazini genyen?

*

- Kapitalis
- Ekonomi liberal (mache lib)

13. Kisa règleman lalwa ye?

- Tout moun oblije suiv lalwa.
- Lidè yo oblije obeyi lalwa.
- Gouvènman an oblije obeyi lalwa.
- Nanpwen moun ki gen plis otorite sou lalwa.

14. Gen plizyè dokiman ki enfliyanse Konstitisyon Etazini an. Site youn.

- Deklarasyon Endepandans
- Atik Konfederasyon
- Atik Federalis yo
- Atik Anti-Federalis yo
- Deklarasyon Dwa Virginia
- Lòd Fondamantal Connecticut
- Akò Mayflower
- Gwo Lwa sou Lapè Iwokwa

15. Gen twa branch nan gouvènman an. Poukisa?

- Pou pa kite yon pati vin gen twòp pouvwa
- Sistèm ekilib pouvwa yo
- Separasyon pouvwa yo

B: Sistèm Gouvènman

16. Site twà branch nan gouvènman an.

- Lejislatif, ekzekitif ak jidisyè
- Kongrè, prezidan ak tribinal yo

17. Ki branch gouvènman an ki sou kont Prezidan Etazini?

- Branch ekzekitif

18. Ki pati gouvènman federal la ki ekri lwa yo?

- Konstitisyon (Ameriken)
- Lejislati (Etazini oswa nasyonal)
- Branch lejislatif

19. Site de pati nan Kongrè Ameriken an?

- Sena a ak Lachanm (Reprezantan yo)

20. Site yon<1 pouvwa Kongrè Ameriken an genyen. *

- Li ekri lwa yo
- Li deklare lagè
- Li fè bidjè federal la

21. Konbyen senatè ameriken ki genyen?

- San (100)

22. Konbyen tan manda yon senatè ameriken dire?

- Sis (6) lane

23. Kimoun ki se youn nan senatè nan eta kote w rete kounyeya?

- Repons yo ap varye. [Moun ki rete nan District of Columbia ak moun ki rete nan teritwa Etazini yo fèt pou reponn ke D.C. (oswa teritwa kote moun kap aplike a rete) pagen okenn senatè Ameriken.]

24. Konbyen manm ki vote ki nan Chanm Reprezantan yo?

- Kat san trann-senk (435)

25. Konbyen tan manda yon manm ki nan Chanm Reprezantan yo dire?

- De (2) lane

26. Poukisa manda reprezantan Ameriken yo pi kout pase manda senatè ameriken yo?

- Pou yo ka suiv opinyon piblik la depre

27. Konbyen senatè chak eta genyen?

- De (2)

28. Poukisa chak eta gen de (2) senatè?

- Repezantasyon egal (pou ti eta yo)
- Gwo Konpwomi a (Konpwomi Connecticut)

29. Bay non reprezantan Ameriken w lan.

- Repons yo ap varye. [Moun ki rete nan teritwa ki gen Delege ki pa vote yo oswa Komisyonè Rezidan, yo ka bay non Delege a oswa non Komisyonè a. Epitou li akseptab pou yo bay nenpòt deklarasyon ki fè konnen teritwa a pa gen okenn reprezantan (ki vote) nan Kongrè a.]

30. Kijan Prezidan Chanm Reprezantan an rele kounyeya? *

- Ale nan uscis.gov/citizenship/testupdates pou ka jwenn non Prezidan Chanm Reprezantan an.

31. Kimoun yon senatè ameriken reprezante?

- Sitwayen ki nan eta yo a

32. Kimoun ki eli senatè ameriken yo?

- Sitwayen ki nan eta yo a

33. Kimoun yon manm Chanm Reprezantan yo reprezante?

- Sitwayen ki nan distrik (kongresyonèl) yo a
- Sitwayen ki nan distrik yo a

34. Kimoun ki eli manm Chanm Reprezantan yo?

- Sitwayen ki nan distrik (kongresyonèl) yo a

35. Gen sèten eta ki gen plis reprezantan pase lòt eta. Poukisa?

- (Poutèt) popilasyon eta a
- (Paske) yo gen plis moun
- (Paske) gen sèten eta ki gen plis moun

36. Pou konbyen lane yo eli Prezidan Etazini an? 1>*

- Kat (4) lane

37. Prezidan Etazini a ka ranpli de manda sèlman. Poukisa?

- (Poutèt) 22yèm Amdandman an
- Pou pa kite prezidan an vin gen twòp pouvwa

38. Kijan Prezidan aktyèl Etazini an rele? *

- Ale nan uscis.gov/citizenship/testupdates pou ka jwenn non Prezidan Etazini an.

39. Kijan Vis-Prezidan aktyèl Etazini an rele? *

- Ale nan 1>uscis.gov/citizenship/testupdates pou ka jwenn non Vis-Prezidan Etazini an.

40. Si prezidan an pa ka ranpli fonksyon li ankò, kimoun kap vin prezidan?

- Vis-Prezidan (Etazini an)

41. Site yon pouvwa prezidan an genyen.

- Siyen pwojè lwa pou yo vin tounen lalwa
- Opoze (mete veto) sou pwojè lwa yo
- Ranfòse lalwa
- Kòmandan an Chèf (militè)
- Chèf diplomat

42. Kimoun ki Kòmandan an Chèf militè Etazini?

- Prezidan (Etazini) an

43. Kimoun ki siyen pwojè lwa ki pou vin tounen lalwa?

- Prezidan (Etazini) an

44. Kimoun ki opoze (veto) pwojè lwa yo? *

- Prezidan (Etazini) an

45. Kimoun ki nonmen jij federal yo?

- Prezidan (Etazini) an

46. Branch ekzekitif la gen plizyè pati ladann. Site yon.

- Prezidan (Etazini an)
- Kabinè a
- Depatman ak ajans federal yo

47. Kisa Prezidan Kabinè a fè?

- Li konseye Prezidan (Etazini)

48. Site de (2) pozisyon onivo Kabinè?

- Pwokirè Jeneral
- Sekretè Agrikilti
- Sekretè Komès
- Sekretè Defans
- Sekretè Edikasyon
- Sekretè Enèji
- Sekretè Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal
- Sekretè Sekirite Teritoryal
- Sekretè Lojman ak Devlopman Iben
- Sekretè Enteryè
- Sekretè Travay
- Sekretè Deta
- Sekretè Transpò
- Sekretè Trezò
- Sekretè Afè Veteran
- Vis-Prezidan (Etazini an)

49. Poukisa Kolèj Elektoral la enpòtan?

- Li deside kimoun yo eli prezidan.
- Li fè yon konpwomi ant eleksyon popilè prezidan an ak seleksyon kongrè a.

50. Site yon pati branch jidisyè a?

- Kou Siprèm
- Tribinal Federal yo

51. Kisa branch jidisyè a fè?

- Li revize lalwa
- Li esplike lalwa
- Li rezoud dispit (mezantant) sou lalwa
- Li deside si gen yon lwa ki ale alankont Konstitisyon (Etazini)

52. Ki tribinal ki pi wo a Ozetazini? * <1

- Kou Siprèm

53. Konbyen syèj ki genyen nan Tribinal Siprèm lan?

- Nèf (9)

54. Konbyen jij Kou Siprèm yo bezwen anjeneral pou yo deside yon ka?

- Senk (5)

55. Konbyen tan manda Jij Kou Siprèm yo dire?

- (pou) lavi
- Yo nonmen yo pou lavi
- (Jiskaske) yo retirete

56. Jij nan Kou Siprèm yo gen manda pou lavi. Poukisa?

- Pou yo endepandan (de politik)
- Pou limite enflyans (politik) ekstèn

57. Kimoun ki se Jij An Chèf Etazini kounyeya?

- Ale nan uscis.gov/citizenship/testupdates pou ka jwenn non Jij An Chèf Etazini an.

58. Site yon pouvwa ke se sèl gouvènman federal la ki genyen l.

- Enprime papye lajan
- Emèt pyès monnen
- Deklare lagè
- Kreye yon lame
- Fè trete
- Etabli politik etranjè

59. Site yon pouvwa ke se sèl eta yo ki genyen l.

- Founi lekòl ak edikasyon
- Bay pwoteksyon (lapolis)
- Bay sekirite (depatman ponpye yo)
- Bay lisans chofè
- Apwouve zonaj ak itilizasyon teritoryal

60. Ki objektif 10^{yèm} Amandman an?

- (Li deklare ke) pouvwa yo pa bay gouvènman federal la, se pou leta oswa pou pèp la yo ye.

61. Kimoun ki se gouvènè eta kote w rete a? *

- Repons yo ap varye. [Moun ki rete nan District of Columbia fèt pou reponn ke D.C. pagen yon gouvènè.]

62. Ki kapital eta kote w rete a?

- Repons yo ap varye. [Moun ki rete nan District of Columbia fèt pou reponn ke D.C. pa yon eta donk li pa gen kapital.] Moun ki rete nan teritwa Etazini yo fèt pou bay non kapital teritwa a.]

C: Dwa ak Responsabilite

63. Gen kat amandman nan Konstitisyon Etazini an sou kimoun ki ka vote. Dekri youn nan yo.

- Sitwayen ki gen dizuitan (18) tan daj oswa ki pi gran (ka vote).
- Ou pa gen pou peye (yon taks kapitasyon) pou vote.
- Nenpòt sitwayen ka vote. (Fanm kou gason ka vote.)
- Yon gason ki se sitwayen nenpòt ras (ka vote).

64. Kimoun ki ka vote nan eleksyon federal, poze kandidati pou pòs federal ak sèvi kòm manm jiri Ozetazini?

- Sitwayen yo
- Sitwayen Etazini yo
- Sitwayen Ameriken yo

65. Tout moun ki rete Ozetazini gen trwa dwa, site trwa dwa sa yo?

- Libète ekspresyon
- Libète pou pale
- Libète pou rasanble
- Libète pou soumèt petisyon bay gouvènman an
- Libète pou pratike relijyon
- Dwa pou yo pote zam

66. Akisa nou temwaye lwayote nou lè nou resite Pwomès Alejans la? *

- Etazini
- Drapo a

67. Site de (2) pwomès nouvo sitwayen yo fè nan Sèman Alejans la.

- Renonse lwayote pou lòt peyi yo
- Defann Konstitisyon (Etazini)
- Obeyi lwa Etazini yo
- Sèvi nan militè (si sa nesèsè)
- Sèvi (ede, fè travay enpòtan pou) lanasyon (si sa nesèsè)
- Gen lwayote anvè Etazini

68. Kijan moun ka vin sitwayen Etazini?

- Natiralize
- Sitwayènte derive
- Lè moun nan fèt Ozetazini

69. Bay de (2) egzanp patisipasyon sivik Ozetazini.

- Vote
- Poze kandidati pou yon pòs
- Enskri nan yon pati politik
- Ede nan yon kanpay
- Enskri nan yon gwoup sivik
- Enskri nan yon gwoup kominotè
- Fè yon otorite ki eli konnen kisa w panse (sou yon kesyon)
- Kontakte otorite ke yo eli yo
- Sipòte oswa opoze yon kesyon oswa yon règleman
- Voye yon lèt bay yon jounal

70. Site yon fason ameriken ka sèvi peyi yo?

- Vote
- Peye taks
- Obeyi lalwa
- Sèvi nan militè
- Poze kandidati pou yon pòs
- Travay pou gouvènman lokal, leta oswa federal

71. Poukisa li enpòtan pou peye taks federal?

- Lalwa egzije li
- Tout moun peye pou finanse gouvènman federal la
- Poutèt (16^{yèm} Amandman an nan Konstitisyon (Etazini an) egzije li
- Devwa sivik

72. Li enpòtan pou tout gason ki gen laj ant 18 ak 25 lane anrejistre ak Sèvis Selektif. Site yon rezon ki fè sa.

- Lalwa egzije li
- Devwa sivik
- Li fè enskripsyon nan militè a ekitab, si sa nesè

ISTWA AMERIKEN

A: Peryòd Kolonyal ak Endepandans

73. Kolon yo te vini Ozetazini pou plizyè rezon. Site youn.

- Libète
- Libète politik
- Libète pou pratike relijyon
- Opòtinite ekonomik
- Chape anba pèsèkasyon

74. Kimoun ki te abite ann Amerik anvan Ewopeyen yo te vini? *

- Endyen Ameriken yo
- Ameriken Natifnatal yo

75. Ki gwoup moun yo te pran pou vann kòm esklav?

- Afriken yo
- Moun ki soti Lafrik

76. Nan ki gè Ameriken te goumen pou pran endepandans yo anba kontwòl Grann Bretay (Anglè yo)?

- Revolisyon Ameriken
- Gè Revolisyon (Ameriken)
- Lagè pou Endepandans (Ameriken)

77. Site youn rezon ki fè Ameriken yo te deklare endepandans yo de Grann Bretay (Anglè yo).

- Taks yo te wo
- Taksasyon san reprezantasyon
- Sòlda Britanik (Anglè) yo te rete nan kay ameriken yo (pansyon, ebèjman)
- Yo pat gen otonomi gouvènmantal
- Masak Boston an
- Boston Tea Party (Lwa sou Te)
- Lwa sou Tenb
- Lwa sou Sik
- Lwa Townshend
- Lwa (Kowèsif) Entolerab

78. Kimoun ki ekri Deklarasyon Endepandans la? *

- (Thomas) Jefferson

79. Kilè yo te adopte Deklarasyon Endepandans la?

- 4 jiyè 1776

80. Nan Revolisyon Ameriken an te gen anpil evènman enpòtan. Site [youn](#).

- (Batay) Bunker Hill
- Deklarasyon Endependans
- Washington k ap Janbe Delaware (Batay Trenton)
- (Batay) Saratoga
- Valley Forge (Kanpman)
- (Batay) Yorktown (Britanik [Anglè] yo rann tèt yo nan Yorktown)

81. Te gen 13 eta alorijin. Site [senk](#).

- New Hampshire
- Massachusetts
- Rhode Island
- Connecticut
- New York
- New Jersey
- Pennsylvania
- Delaware
- Maryland
- Virginia
- North Carolina
- South Carolina
- Georgia

82. Ki dokiman fondatè yo te ekri an 1787?

- Konstitisyon (Etazini)

83. Atik Federalis yo te sipòte pwomilgasyon Konstitisyon Etazini an. Site [youn](#) nan otè yo.

- (James) Madison
- (Alexander) Hamilton
- (John) Jay
- Publius

84. Pouki rezon Atik Federalis yo te enpòtan?

- Yo te ede moun konprann Konstitisyon Etazini an.
- Yo te sipòte pwomilgasyon Konstitisyon Etazini an.

85. Benjamin Franklin selèb poutèt anpil bagay. Site [youn](#).

- Li fonde premye bibliyotèk piblik gratis yo
- Li te Premye Minis Lapòs Etazini
- Li ede ekri Deklarasyon Endependans la
- Envantè
- Diplomat Ameriken

86. George Washington selèb poutèt anpil bagay. Site youn. *

- "Papa Peyi Nou an"
- Premye prezidan Etazini
- Jeneral Lame Kontinantal la
- Prezidan Konvansyon Konstitisyonèl la

87. Thomas Jefferson selèb poutèt anpil bagay. Site youn.

- Li ekri Deklarasyon Endepandans la
- Twazyèm prezidan Etazini
- Li double gwosè peyi Etazini (Acha Louisiana)
- Premye Sekretè Deta
- Li fonde Inivèsite Virginia
- Li ekri Lwa Virginia a sou Libète Relijyon

88. James Madison selèb poutèt anpil bagay. Site youn.

- "Papa Konstitisyon an"
- Katyèm prezidan Etazini
- Li te prezidan pandan Lagè 1812 la
- Li se youn nan otè Atik Federalis yo

89. Alexander Hamilton selèb poutèt anpil bagay. Site youn.

- Premye Sekretè Trezò a
- Li se youn nan otè Atik Federalis yo
- Li te ede pou yo etabli Premye Bank Etazini an
- Li te yon Èd pou Jeneral George Washington
- Manm Kongrè Kontinantal la

B: Ane 1800 yo**90. Ki teritwa Etazini te achte nan men Lafrans an 1803?**

- Teritwa Louisiana
- Louisiana

91. Site youn gè Etazini te goumen ladann nan lane 1800 yo.

- Lagè 1812
- Lagè ant Ameriken ak Meksiken (Lagè Meksiken-Ameriken)
- Lagè Sivil
- Lagè ant Ameriken ak Lespay (Lagè Espanyòl-Ameriken)

92. Site non lagè Etazini ki te fèt ant Lenò ak Lesid.

- Lagè Sivil

93. Lagè Sivil te gen anpil evènman enpòtan. Site youn.

- (Batay) Fort Sumter
- Pwoklamasyon Emansipasyon
- (Batay) Vicksburg
- (Batay) Gettysburg
- Mach Sherman (Sherman's March)
- (Kapitilasyon nan) Appomattox
- (Batay) Antietam/Sharpsburg
- Yo te asasinen Lincoln.

94. Abraham Lincoln selèb poutèt anpil bagay. Site youn. *

- Li te libere esklav yo (Pwoklamasyon Emansipasyon)
- Li te sove (oswa prezève) Inyon an
- Li te kòmande Etazini pandan Gè Sivil la
- Se 16yèm prezidan Etazini
- Li te pwononse Diskou Gettysburg la

95. Kisa Pwoklamasyon Emansipasyon an te fè?

- Libere esklav yo
- Libere esklav nan Konfederasyon an
- Libere esklav ki nan eta Konfedere yo
- Libere esklav ki nan pifò eta ki nan Sid yo

96. Ki gè Etazini ki mete fen nan esklavaj?

- Lagè Sivil

97. Ki amandman ki bay tout moun ki fèt Ozetazini sitwayènte a?

- 14yèm Amandman an

98. Kilè tout gason vin gen dwa pou vote?

- Apre Lagè Sivil
- Pandan Rekonstriksyon an
- (Avèk) 15yèm Amandman an
- 1870

99. Site non yon lidè nan mouvman dwa fanm nan lane 1800 yo.

- Susan B. Anthony
- Elizabeth Cady Stanton
- Sojourner Truth
- Harriet Tubman
- Lucretia Mott
- Lucy Stone

C: Istwa ameriken ki resan ak lòt enfòmasyon istorik enpòtan**100. Site yon gè Etazini te goumen ladann nan lane 1900 yo.**

- 1ye Gè Mondyal
- 2yèm Gè Mondyal
- Lagè Kore
- Lagè Vyetnam
- Gè Gòlf (Pèsik)

101. Poukisa Etazini te rantre nan 1ye Gè Mondyal la?

- Paske Almay te atake bato (sivil) Etazini yo
- Pou sipòte Fòs Alye yo (Angletè, Lafrans, Itali ak Risi)
- Pou opoze Pouwwa Santral la (Almay, Otrich-Ongri, Anpi Otoman an, ak Bilgari)

102. Kilè tout fanm vin gen dwa pou vote?

- 1920
- Apre 1ye Gè Mondyal la
- (Avèk) 19yèm Amandman an

103. Kisa Gran Depresyon an te ye?

- Se te pi gwo resesyon ekonomik nan listwa modèn

104. Kilè Gran Depresyon an te kòmanse?

- Gwo Kriz (Gwo Krach) la (1929)
- Mache bousye a te krach an 1929

105. Kimoun ki te prezidan pandan Gran Depresyon an e pandan 2yèm Gè Mondyal la?

- (Franklin) Roosevelt

106. Poukisa Etazini te rantre nan 2yèm Gè Mondyal la?

- (Bonbadman) Pearl Harbor
- Japonè te atake Pearl Harbor
- Pou sipòte Fòs Alye yo (Angletè, Lafrans, ak Risi)
- Pou opoze Pisans Aks yo (Almay, Itali ak Japon)

107. Dwight Eisenhower selèb poutèt anpil bagay. Site youn.

- Li te Jeneral pandan 2yèm Gè Mondyal la
- Li te Prezidan nan fen (pandan) Gè Kore a
- Se 34yèm prezidan Etazini
- Li te siyen Lwa Federal pou Ede Otowout yo nan lane 1956 (Li kreye sistèm otowout ant eta yo)

108. Ki peyi ki te rival prensipal Etazini pandan Lagè Fwad la?

- Inyon Sovyetik
- IRSS
- Risi

109. Pandan Lagè Fwad la, Etazini te gen yon enkyetid prensipal, kisa enkyetid sa a te ye?

- Kominis
- Gè Nikleyè

110. Poukisa Etazini te rantre nan Gè Kore a?

- Pou anpeche kominis pwopaje

111. Poukisa Etazini te rantre nan Gè Vyetnam nan?

- Pou anpeche kominis pwopaje

112. Kisa mouvman dwa sivil la te fè?

- Li te goumen pou l sispann diskriminasyon rasyal

113. Martin Luther King, Jr. selèb poutèt anpil bagay. Site youn. *

- Li goumen pou dwa sivil
- Li te travay pou egalite pou tout ameriken
- Li te travay pou li asire ke "yo pap jije moun dapre koulè po yo, men dapre sa ki nan karaktè yo"

114. Poukisa Etazini te rantre nan Lagè Gòlf Pèsik la?

- Pou fòse militè Irakyen soti nan Kuwait (Kowet)

115. Ki gwo evènman ki te rive le 11 septanm 2001 Ozetazini? *

- Teworis te atake Etazini
- Gen teworis ki detounen de (2) avyon epi y al kraze yo nan Tou Jimèl (World Trade Center) yo nan Vil New York
- Teworis yo detounen yon avyon epi y al kraze li nan Pentagòn nan Arlington, Virginia
- Teworis yo detounen yon avyon epi yo te vize Washington D.C. alinisyal epi yo kraze li nan yon chan nan Pennsylvania

116. Site yon konfli militè Etazini apre atak 11 septanm 2001 an.

- Lagè (Global) kont Laterè
- Lagè nan Afghanistan
- Lagè ann Irak

117. Site yon tribi Endyen Ameriken Ozetazini.

- Apache
- Blackfeet
- Cayuga
- Cherokee
- Cheyenne
- Chippewa
- Choctaw
- Creek
- Crow
- Hopi
- Huron
- Inupiat
- Lakota
- Mohawk
- Mohegan
- Navajo
- Oneida
- Onondaga
- Pueblo
- Seminole
- Seneca
- Shawnee
- Sioux
- Teton
- Tuscarora

Pou ka jwenn yon lis konplè tribi yo, tanpri ale nan bia.gov.

118. Site yon egzanp inovasyon Ameriken.

- Anpoul elektrik
- Otomobil (machin, motè ak konbistyon)
- Bilding Grat-syèl
- Avyon
- Chèn montaj
- Aterisaj sou lalin
- Sikui entegre (IC)

SENBÒL AK JOU KONJE YO

A: Senbòl yo

119. Ki kapital Etazini?

- Washington, D.C.

120. Ki kote Estati Lalibète a ye?

- (Nan pò) New York
- Zile Libète [Epitou lòt repons akseptab se New Jersey, toupre Vil New York, ak sou (Rivyè) Hudson nan.]

121. Poukisa drapo a gen 13 bann? *

- (Paske te gen) 13 koloni alorijin
- (Paske bann yo) reprezante premye koloni yo

122. Poukisa drapo a gen 50 zetwal?

- (Paske) gen yon zetwal pou chak eta
- (Paske) chak zetwal reprezante yon eta
- (Paske gen) 50 eta

123. Kijan yo rele lim nasyonal la?

- The Star-Spangled Banner (Banyè Etwale)

124. Premye deviz peyi a se te “E Pluribus Unum.” Kisa sa vle di?

- Youn pami yon pakèt
- Nou tout nou fè yonsèl

B: Jou Konje yo

125. Kisa ki Jou Endependans?

- Se yon jou konje pou selebre endependans Etazini (pran de Angletè [Grann Bretay])
- Jou fèt peyi a

126. Site twa jou konje nasyonal Ozetazini. *

- Joudlan
- Jou Martin Luther King, Jr.
- Jou Prezidan (Jou Washington te fèt)
- Jou Komemorasyon Sòlda ki Mouri yo (Jou Komemoratif)
- Jou Endependans
- Fèt di Travay
- Jou Kristòf Kolon
- Jou Komemorasyon Veteran (Jou Veteran)
- Jou Aksyon de Gras (Thanksgiving)
- Jou Nwèl

127. Kisa ki Jou Komemorasyon Sòlda ki Mouri yo (Memorial Day) a?

- Se yon jou konje pou onore sòlda ki mouri nan sèvis militè

128. Kisa ki Jou Veteran yo?

- Se yon jou konje pou onore moun ki nan militè Ozetazini
- Yon jou konje pou onore moun ki sèvi (nan militè Etazini)